

# Risk Sekirite Ki Genyen nan Aplikasyon yo ak sou Sitwèb yo

Dekouvri ti konsèy ak astis ki genyen pou evite pyèj ak risk ak aplikasyon ak sitwèb yo.

## 1. Ki Risk Sekirite Ki Genyen nan Aplikasyon yo ak sou Sitwèb yo?

Gen kèk aplikasyon ak sitwèb ki ka pote yon kantite risk sekirite:

- Yo kapab genyen lojisyèl malveyan
- Yo ka ekspoze done pèsonèl ou ak risk akoz move pratik estokaj done
- Yo ka itilize move pratik pou idantifyan
- Yo ka ekspoze w ak trakè ak kouki tyès pati

Aplikasyon ak sitwèb malveyan yo ka ekspoze enfòmasyon pèsonel ou ak sekirite w ak gwo risk.

## 2. Kijan Ou Kapab Evite Aplikasyon Riske yo?

- Enstale aplikasyon ki soti nan sous ki koni epi ki legal, tankou magazen aplikasyon telefòn ou
- Verifye kòmantè yo epi fè kèk rechèch anvan ou enstale nenpòt bagay sou telefòn ou
- Fè atansyon ak pèmisyon yo. Asire w ou konprann kisa aplikasyon an ap fè epi asire w ou alèz ak pèmisyon aplikasyon an ap mande w yo

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

### 3. Kijan Ou Kapab Evite Sitwèb Riske yo?

- **Itilize yon mòd rechèch ki sekirize pou filtre rezulta eksplisit yo**

Souvan, modèl rezulta sa yo genyen risk sekirite, tankou lojisyèl malveyan ki disponib. Rechèch nan mòd sekirize yo nan majorite motè rechèch yo, tankou Chrome.

- **Chèche sitwèb olye pou eseye tape nan URL la**

Souvan, sit anak yo itilize menm URL yo, epi fot defrap aksidantèl ou ta ka dirije w sou yon sit ki plen ak lojisyèl malveyan.

- **Verifye URL la**

Asire w ke l sa ou panse li ye a epi evite klie sou lyen ki sispèk yo.

- **Verifye lyen ki rakousi yo ak yon ekstansè URL**

Ekstansè yo gen ladan yo CheckShortURL oswa Expand URL

- **Asire w ke sit w ap vizite a genyen yon “https” nan URL la**

HTTPS vle di ke sit la sekirize. Lè li jis HTTP, li mwen sekirize.

- **Fè atansyon ak avètisman navigatè w la voye ba ou yo**

Si navigatè w la di w ke sit la pa sekirize, ou dwe evite l san bri san kont

- **Reflechi ak kisa sit la ap ankouraje oswa ofri**

Ou ta dwe trete sit ki pwopoze telechajman lojisyèl oswa fim oswa sit ki mande w enfòmasyon pèsonèl oswa enfòmasyon bankè lè sa pa sanble nesesè yo kòm sit ki sispèk.